

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Hasil Panalungtikan**

Sanggeus ngayakeun panalungtikan, ku kituna bisa meunangkeun hasil tina panalungtikan éta. Tina hasil panalungtikan anu dipedar dina bab saméméhna, bisa disimpulkeun yén : 1) kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun ajar 2018/2019 kaasup kana katégori sedeng kalayan rata-rata peunteun *pretest* nyaéta 72,7 tina skor maksimal 100. Dumasar kana unggal aspékna, (1) aspék eusi, saméméh maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori sedeng, kalayan rata-rata 18,9 tina skor maksimal 30. Hartina, eusi dina carita pondok siswa masih kénéh kawatesanan dina informasi anu ditepikeun, jeung permasalahan anu dicaritakeun dina carita pondokna teu cukup; (2) aspék organisasi eusi, saméméh maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori cukup, kalayan skor rata-rata 16,6 tina skor maksimal 20. Hartina, dina nyaritakeunna kurang lancar, ékspresi na kurang, idé utama na katingali, urutanna geus logis, tapi teu lengkep; (3) aspék pilihan kecap (diksi), saméméh maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori cukup, kalayan rata-rata 15,2 ti skor maksimal 20. Hartina, pamangpaatan poténsi kecap dina carita pondok siswa rada canggih, pilihan kecap kurang luyu tapi teu ngaganggu atawa teu ngarobah ma'na; (4) aspék makéna basa, saméméh maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *cukup baik*, kalayan rata-rata skor 18 ti skor maksimal 25. Hartina, konstruksi sederhana tapi éféktif, kasalahanna ngan saeutik tapi teu ngarobah ma'na; jeung (5) aspék mékanik, saméméh maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *cukup baik*, kalayan rata-rata skor 4 ti skor maksimal 5. Hartina, aspék mékanik dina carita pondok siswa geus ngawasa aturan panulisan, kadang aya salah dina nulis éjaan tapi teu ngarobah ma'na.

2) kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun ajar 2018/2019 sanggeus maké média *gambar berséri* kaasup kana

katégori *sangat baik*, kalayan rata-rata skor 26,3 ti skor maksimal 30. Hartina, eusi dina carita pondok siswa *padat* informasi, rélévan jeung masalah jeung tuntas; (2) aspék organisasi eusi, sanggeus maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *sangat baik*, kalayan rata-rata skor 19 ti skor maksimal 20. Hartina, dina carpon siswa nyaritakeunna lancar, idé nu diébréhkeunna jelas, urutan dina unggal caritana logis; (3) Aspék pilihan kecap (diksi), sanggeus maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *cukup*, kalayan rata-rata skor 17,4 ti skor maksimal 20. Hartina, pamangpaatan poténsi kecap dina carita pondok siswa rada canggih, pilihan kecap kurang luyu tapi teu ngaganggu atawa teu ngarobah ma'na; (4) aspék makéna basa, sanggeus maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *cukup baik*, kalayan rata-rata skor 19,2 ti skor maksimal 25. Konstruksi sederhana tapi éféktif, kasalahanna ngan saeutik tapi teu ngarobah ma'na; jeung (5) aspék mékanik, sanggeus maké média *gambar berséri* kaasup kana katégori *cukup baik*, kalayan rata-rata skor 4,4 ti skor maksimal 5. Hartina, aspék mékanik dina carita pondok siswa geus ngawasa aturan panulisan, kadang aya salah dina nulis éjaan tapi teu ngarobah ma'na.

3) aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké média *gambar berséri*. Dumasar kana unggal aspékna, (1) aspék eusi, nu asalna kaasup kana katégori *sedang*, sanggeus maké média gambar berséri ngaronjat jadi asup kana katégori *sangat baik*; (2) organisasi eusi, nu asalna kaasup kana katégori *cukup*, sanggeus maké média gambar berséri ngaronjat jadi asup kana katégori *sangat baik*; (3) aspék pilhan kecap (diksi) nu asalna kaasup kana katégori *cukup*, sanggeus maké média gambar berséri ngaronjat jadi asup kana katégori *baik*; (4) aspék makéna basa nu asalna kaasup kana katégori *cukup baik* kalayan rata-rata 18 ngaronjat jadi 19,2 kaasup kana katégori *cukup baik*; (5) aspék mékanik, nu asalna kaasup kana katégori *cukup baik* kalayan skor rata-rata 4, sanggeus maké média gambar berséri ngaronjat jadi rata-rata 4,4 asup kana katégori *cukup baik*.

Kukituna, bisa dicindekkeun yén média *gambar berséri* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun aja 2018/2019. Tina kamampuh saacan maké média *gambar berséri* nyaéta kaasup kana kategori sedeng, sanggeus maké média *gambar berséri* ngaronjat jadi asup kana katégori alus.

### **5.2 Implikasi**

- a. Média *gambar berséri* bisa dilarapkeun dina pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok.
- b. Média *gambar berséri* miboga poténsi pikeun numuwuhkeun jeung mekarkeun pamikiran jeung imajinasi siswa anu saterusna pamikiran éta salah sahijina bisa diébréhkeun ngaliwatan tulisan. Sabab ku gambar-gambar anu warnana rupa-rupa, bisa ngamotivasi siswa pikeun diajar.

### **5.3 Rékoméndasi**

Tina hasil ieu panalungtikan anu geus dipedar, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik saperti ieu di handap.

- a. Média *gambar berséri* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok, ku kituna média *gambar berséri* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif dina pangajaran nulis, hususna nulis carita pondok.
- b. Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan média *gambar berséri* dina pangajaran nulis carita pondok di SMA kalayan maké métode kuasi eksperimén, kudu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan média *gambar berséri* anu lianna sangkan leuwih jembar.